



Pou Piblikasyon Imedya: 14/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PIS BOWLING KA RE-OUVRI AK 50 POUSAN KAPASITE YO APATI LENDI

Aktivite Kiltirèl Anplennèl ki pa gen Gwo Risk, ki gen ladan mize, akwaryòm ak lòt atizay kiltirèl nan Vil New York yo pral pèmèt yo re-ouvri lendi 24 out

Kouvèti vizaj, distans sosyal ak lòt pwotokòl sekirite ki obligatwa tout tan

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse kous bowling toupatou nan New York yo pral pèmèt yo re-ouvri apati lendi ak pwotokòl sekirite strik ki an plas. Pis Bowling yo pral kapab opere nan yon limit 50 pousan kapasite maksimòm yo; kouvèti vizaj ak distans sosyal yo pral obligatwa tout tan; tout lòt liy yo dwe fèmen; kliyan yo bezwen rete ak gwoup pa yo nan liy ki asiyen pou yo; yon netwayaj ak dezenfeksyon konplè nan ekipman pataje oswa ekipman lwe ant chak itilizasyon yo pral obligatwa; epi tout sèvis manje yo dwe swiv tout konsèy eta bay la. Akòz restriksyon sou manje andedan kay, yo pa pral pèmèt sèvis manje ak bwason nan pis bowling Vil New York yo.

Gouvènè a te anonse tou mize Vil New York ak lòt enstitisyon kiltirèl ki gen pa gen gwo risk yo ka re-ouvri apati lendi 24 out. Enstitisyon yo enkli mize, akwaryòm, ak lòt aktivite atizay entèn ki pa gen gwo risk yo. Tout enstitisyon ki ka re-ouvri yo pral sijè a konsèy eta. Enstitisyon sa yo dwe obeye pwotokòl sekirite strik, ki gen ladan yon limit 25 pousan kapasite maksimòm nan, yon bilten kwonometre obligatwa ak antre predefini, pati ranfòsman strik nan mete kouvèti vizaj, distans sosyal, fliks sikilasyon kontwole pou evite foul moun, ak pwotokòl netwayaj ak dezenfeksyon amelyore.

"Enstitisyon kiltirèl klas mondyal Vil New York yo depi lontan bay konfò ak kreyativite pou plizyè jenerasyon moun nan youn nan kote ki pi dinamik nan mond lan, epi lè pandemi COVID-19 te kòmanse menase vil la ak nasyon sa a, sa te sitou brize kè pou wè yo fèmen pòt yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pandemi sa a lwen pou li fini, men nou detèmine enstitisyon yo ka re-ouvri si yo konfòme yo ak konsèy strik eta epi pran tout prekosyon pou kenbe vizitè yo an sekirite, e mwen pa ka tann pou mwen wè yo enspire Nouyòkè yo yon fwa ankò. Mwen kontan tou pou rapòte ke nou pral kapab ouvri pis bowling atravè eta a ak pwotokòl sekirite strik an plas, k'ap founi yon nivo plezi ak lwazi nan yon moman kote Nouyòkè yo reyèlman bezwen li."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)